# Inzwi reChiratidzo

Beaumont, Texas, USA

64-0313

1 Mazvita. Tingaramba timire here kwechinguva, zvatinenge tichiverenga Shoko-tiri kubva tangopinda muShoko manheru ano.

Uye Mozisi akapindura ndokuti, Asi, tarira, havazonditendi, kana kuzonzwa inzwi rangu: nekuti vachati, Ishe haAna kuZviratidza kwauri.

Uye Ishe Akati kwaari, Chii chiri muruoko rwako? Iye ndokuti, Tsvimbo.

Iye Ndokuti, ikande pasi. Uye iye wakaikanda pasi, ikashanduka kuva nyoka; uye Mozisi akaitiza.

Uye Ishe Akati kuna Mozisi, Tambanudza ruoko rwako, uibate nekumuswe. Uye iye akatambanudza ruoko rwake, ndokuibata, ikava tsvimbo muruoko rwake:

Kuti vagotenda kuti Ishe Mwari Wamadzibaba avo, Mwari WaAbrahama, Mwari WaIsaka, uye Mwari WaJakobho, AkaZviratidza kwauri.

Uye Ishe Akataura zvakare kwaari, Isa zvino ruoko rwako muchipfuva chako. Uye akaisa ruoko muchipfuva chake: uye paakarwubuditsa, tarira, ruoko rwake rwakachena namaperembudzi semazaya echando.

Akati, Isa ruoko rwako muchipfuva chako 'zve. Akaisazve ruoko rwake muchipfuva chake; ndokurwudzura kubva pachipfuva chake, uye, tarira, rwa...rwakashanduka 'zve kuita seimwe nyama yake.

Zvino zvichaitika kuti, kana vachiramba kukutenda, kana kuteerera inzwi rechiratidzo chokutanga, vachatenda inzwi rechiratidzo chechipiri.

2 Ngatikotamisei misoro yedu. Takakotamisa misoro yedu uye nemoyo yedu zvakare, handizivi kana paine ani zvake muno manheru ano ane zvikumbiro zvemunamato. Ungaite kuti zvizivikanwe here paunosimudza ruoko. Mwari Vakupe chikumbiro chako.

Baba Vedu VeDenga, tinoona riri rombo rakanaka kuuya kwaMuri mumunamato, tichiuya neMuZita RaIshe Jesu. Uye takavimbiswa naYe kuti kana tikakumbira chinhu MuZita RaKe tichachipiwa. Munoziva kushayiwa kwemumwe nemumwe wedu. Munoziva zvakamiririrwa namaoko edu sezvaasimudzwa. Ndinonamata, Baba, kuti Muchapindura chikumbiro chega chega manheru ano, muwane mbiri.

Uye zvino regai Mudzidzisi Mukuru WeShoko, Mweya Mutsvene, Auye pamusoro pedu manheru ano uye Azviratidze kwatiri, uye aZvizivise kwatiri nehumboo hwekumuka kwaKe. Dai Akauya pakati pedu manheru ano, Ishe, Ashanyira moyo yedu, Ataure nesu kuburikidza nezvinhu zvaAkavimbisa muzuva rino. Dai mashoko akavimbiswa panguva ino aratidzwa pamberi pedu, kuti tizorore nechokwadi munguva ino inotambudza yaMakati ichauya panyika kuzoedza vanhu vose. Uye zvamazvirokwazvo zvasvika panguva iyoyo, Baba, apo vanhu vanoedzwa. Uye kune makona akawanda akasiyana zvekuti hapana achaziva zvokuita. Asi Ishe, ndinonamata kuti Muchatizivisa manheru ano kuti Muri pano uye Munesu, Muri pano kuzotibatsira. Tipei zvikumbiro zvedu, nokuti tinozvikumbira MuZita RaJesu. Ameni. Gara pasi.

3 Ndichangoti nonokei manheru ega ega. Uye ndinoramba ndichifunga maikorofoni iyi… Asi ndiyo inorekodha. Asi iri pano, ndinofunga, ndiyo yandinofanira kuteerera, kana kutaura mairi. Mangwana manheru ndihwo husiku hwemabiko, naizvozvo musazvikanganwa. Ndinofunga kuti…ndinofunga kuti zvakaziviswa kuti…kuti vanhu vaende. Tinotenda zvikuru kushandira pamwe kwenyu, uye nezvinhu zvikuru zvakaitwa naIshe wedu.

Zvino manheru ano, ndinofunga kuti kana…Kunze kwekunge taziva Shoko RaMwari, hatizivi zvokuita. Hatigoni kuva nokutenda kusvikira taziva kuti chii chiri kuda kwaMwari uye kuti chii…Uye kana tichiziva kuti ndiko kuda kwaMwari, Shoko RaMwari Rikataura chimwe chinhu, zvino tinogona kuzvitevera nomufaro. Zvino, dai Ishe Jesu Vaifamba pachaVo panyika manheru ano munyama yemunhu, uye Vakati, "Mangwana kuchanaya muswere wose," zvino zvaizova nyore kwandiri kuti nditore ambrera pandinobuda mangwanani, nokuti Akazvitaura. Zvino, kana Akasazvitaura, handizivi kuti ndotarisirei. Naizvozvoo ndozvazviri. Mune chose chatinoita tinoda kuziva nguva, zera ratiri kurarama.

4 Kune vatsva, vhiki ino takaedza kuratidza kuti Mwari Vakanga Vachiziva magumo kubva pakutanga. Izvi zvinoMuita Asina magumo. Kana Aine magumo haAngavi Mwari. Uye Anofanira kuva Samasimba… Nyakuva pose pose, Nyakuziva zvose uye Ane masimba ose kuti Agova Mwari: simba rose, Anoziva zvinhu zvose, nenzvimbo dzose, uye Anoziva magumo kubva pakutanga. Kana Akasadaro, naizvozvo haAngavi Mwari. Naizvozvo hapana chinhu chisiri munzvimbo. Ndisu tisina kugadzikana. Asi hapana chinhu MuShoko RaMwari—Rinongofambira mberi sewachi. Zvino kana nguva iyoyo yasvika kuti zviitike, mashoko akatemerwa zera iroro, zvinoitika. Tinogona kufunga kuti hazvisi kuzoitika. Dzimwe nguva zvinoitika, uye isu tisingazvizivi.

Jesu Akamboti…

5 Vakati kwaAri, "Nemhaka yei vanyori vose vachitaura kuti Eriya anofanira kuuya kutanga?" Maona, zvino vakazvitenda. Vakatenda kuti Eriya akanga achiuya.

Jesu Akatarisa kwavari Akati, "Eriya akatouya; uye hamuna kumuziva." Zvino, munoona, zvakapfuura nepedyo nevanyori, vashumiri, vadzidzi, uye aive Johane Mubhabhatidzi. Uye akauya nenzira dzose dzaifanira kuuya naEriya, asi havana kumuziva.

Uye zvino, zvakatifanira kuti ticherechedze nguva yatiri kurarama, nenguva yatiri kurarama. Pamusoro paizvozvo, ndinoda kutaura manheru ano nezve "Inzwi reChiratidzo," chidzidzo chinoshamisa. Asi Mwari Vanoita zvinhu zvinoshamisa nenzira dzisina kujairika—ndizvo zvinoMuita Mwari—nokuti NdeWe mweya. Uye zvose ZvaAnoita, Anozviita…Anogona kuzviita mumweya, nokuti Ndewemweya.

Zvino, inzwi rechiratidzo. Uye i, chiratidzo chine inzwi. Ropa rine inzwi. Ropa rakataura kubva muvhu, nezvimwe zvakadaro. Ropa raAbheri rakarurama rakataura richipesana naKaini. Uye Bhaibheri Rakati, "Ropa RaJesu Kristu Rinotaura zvinhu zvikuru kupfuura zvakaitwa neropa raAbheri."

6 Zvino kugara kwedu manheru ano, kana kuti, chiitiko chedu chinotanga muna Eksodho. Zvino nguva yeksodho inguva yokudanidzwa kunze, uye eksodho yakanga yaswedera. Mosesi, muranda waJehovha, akanga adanwa kuzoita basa rake. Uye achiita zvaaifunga… Akanga akadzidza kwazvo muEgipita, akadzidza huchenjeri hwose hwevaEgipita. Zvino sezvinei akanga aine nzira yokuti, mukuva shasha yehondo, yaakakwanisa kununura vanhu vake kubva pasi pehutapwa ihwohwo, nokuti akanga ari Farao aitevera.

Uye zvaizova nyore sei kwaari kuti azviite. Asi munoona, dai zvaiva zvakadaro, chingadai chiri chinhu chepanyama. Mwari haVatore zvinhu zvepanyama; Vanotora zvinhu zvemweya kuti Azviratidze Omene. Naizvozvo, kubva pamakore makumi mana edzidzo, yepamusoro-soro yaaigona kuwana uye nezvapamusoro zvaaigona kuwana, mudzidzi wepamusoro-soro waaigona kuva, nekunzwisisa kubva kuna amai vake, mudzidzisi wake, kuti ndiye aifanira kuva mununuri kuvanhu.... Akabuda nesimba rokunzwisisa kwake, akauraya muEgipita. Uye kubva ipapo, woona kuti kuedza kwake kwakakundikana, ndokubva atizira mugwenga. Uye izvo zvakaiswa maari neEgipita nedzidzo kwamakore makumi mana, zvakatorera Mwari mamwe makore makumi mana kuti Azvibvise maari, munoona, kuti arege kuvimba netsika dzake dzedzidzo; aizovimba nechemweya.

7 Uye zvino, nguva yakanga yaswedera yokuti…Mwari Akanga Aita vimbiso kuna Abrahama makore mazana mana nguva iyoyo isati yasvika, kuti mbeu yake yaizogara munyika yavatorwa uye vaizobudiswa. Mushure mamakore makumi mana vaizobudiswa noruoko rwune simba. Aizonunura vanhu vake noruoko rwune simba. Zvino nguva yevimbiso payakasvika, ndipo apo Mwari Akaunza Mosesi panzvimbo. Mosesi, mukukundikana kwake kukuru, akanga aenda murenje.

Zvino, mufananidzo uri pano…pane mufananidzo unoshamisa watisingade kupotsa, maona, mufananidzo… Mwari Aiunza Israeri, vanhu vaKe, vabude, ndudzi-ndudzi kubva mune imwe ndudzi. Ndudzi kubva mundudzi: mufananidzo wakanaka wanhasi, uyo Mwari Ari kudana Mwenga WaKe kubva mukereke —Mwenga WeChiKristu kubva mukereke yeChiKristu. Kereke-Mwenga kubva mukereke, inodanwa saizvozvo muBhaibheri, inotaurwa nezvayo (ndine zvinyorwa zvakawanda neMaGwaro Akanyorwa pano pamusoro pechidzidzo chino, manheru ano), dzimwe nguva inonzi "vakasarudzwa," "vasanangurwa," kana kuti "vakasara vembeu yomudzimai."

Yakanzi Mwenga, izvo zvakafanotemera nokugadzwa naMwari kuti zvigova saizvozvo. Kureva kuti Mwenga Anobuda mukereke. Maona, chinhu chose ichi ikereke; asi Mwari aAnobvisa vanhu mukereke iyoyo seMwenga. Akati Achazviita, uye Akazviita (cherechedzai), kana kuti Achazviita.

8 Cherechedzai. Tarirai muone muitiro waAkazviita nawo, uye nzira nemuitiro waAkazviita nawo.

Tinoda kutarisa izvi, zvino, paAkaburitsa Israeri: maitiro aAkazvita nawo, nenzira yaAkazviita nayo. Cherechedzai, nguva yeShoko Rakavimbiswa paRaifanira kuzadzikiswa, Mwari Akadana Mosesi nokufanotemera, Ndokumusarudza kuti aite basa. Mwari Anogara Aine munhu ari panzvimbo panguva iyoyo. Hapana chinokundikana kuna Mwari. Akazvitaura, uye hazvikundike. Kana zvikakundika, ipapo Mwari Anokundikana, nokuti Mwari iShoko. Cherechedzai. Zvino, Shoko Raifanira kuratidzwa. Zvino Shoko paRaifanirwa kuratidzwa sevimbiso, Mwari nguva dzose Anotumira muprofita kuzoratidza vimbiso iyoyo nokuti Shoko RaShe Rinouya kwaari. Mosesi, akafanotemerwa chinangwa chacho, akadanwa kubasa. Hapana mumwe munhu aigona kuriita.

9 Kana Mwari Adanira munhu kubasa rokuti aite, hakuna angatora nzvimbo yake.

Hapana anogona kutora nzvimbo yako, chimiro chako. Kakawanda sei ndaizvibvunza kuti ndingada sei kutora nzvimbo yaOral Roberts, kuti ndingada sei kutora nzvimbo yaBilly Graham, mumwe munhu akadaro. SaBilly Graham, ndoenda kundotaura kugungano revanhu, ndodaidza vatadzi kuartari, ndokanganwa

nezvazvo, ndoenda kumba—kwete kuti umire ipapo woita mutsimba…Handikwanisi kuva Billy Graham; asi naBilly Graham haangavi ini. Tose…. Handikwanisi kuva Oral Roberts; Oral Roberts haangavi ini.

Mumwe nomumwe wakaiswa muhupfumi hwaMwari nokuda kwechinzvimbo chahwo. Munhu anotsanya nguva dzose, achitaurirana naMwari; mumwe achibudisa madhimoni nokuti uyu ari kutsanya. Asi muviri wose waKristu uchishanda pamwe chete, kubatana. Kana tichiona zvipingamupinyi zvemasangano izvi zvichitipamura, ndizvo zvinorwadza moyo wangu, maona. Nokuti ndicho chinhu chinotiparadzanisa. Isu tiri vamwe chete. Hapana vanhu vakuru pakati pedu, hapana vanhu vakuru pakati pedu. Tese takafanana. Tiri vana vaMwari.

Pane mukuru mumwe chete pakati pedu, NdiYe Kristu. Tinofanira kuMucherechedza. Uye kana tikatsvaka kukudzwa mumwe kubva kune mumwe, hatigoni kuva nokutenda, nokuti tiri kuva nokutenda mune mumwe nomumwe. Tinofanira kuva nokutenda muna Kristu. NdiYe pakati pedu Watinofanira kuva nokutenda maAri, uyezve, kutenda mune zvaAri kuita nezvaAkatipa.

10 10.Zvino, kwakanga kusina munhu aigona kutora nzvimbo yaMosesi. Hazvina mhosva kuti waimhanya zvakadii, uye kuti unoedza zvakadini kubva kwazviri, zvakadaro, Mwari Anoziva zvaAri kuita. Aiziva zvaAifanira kutora… Ogadzira Mosesi kubva mazviri. Zvinhu izvi zvaifanira kuitika. Zvino cherechedzai. Hapana aigona kutora nzvimbo yake.

Zvino, tarisai. Mwari Akamupa chiratidzo kutsigira kudanwa kwake nezvaakapupura, paakaenda kuEgipita. Zvino Mwari Anogara Achipa nhume chiratidzo nenzwi rechiratidzo ichocho. Uye chiratidzo ichocho chinozivisa munhu kana chakanyorwa muMaGwaro. Sokutaura kwakaita Johane, "Ndini inzwi rounodanidzira murenje."

Vakati, "Ndiwe Mesiya here?"

Akati, "Ini handisini Mesiya. Asi ini ndini inzwi rounodanidzira murenje, sezvakataura muporofita Isaya." Aigona kuzvizivisa pachena. Uye zvino, ipapo mune izvozvo, tinoona kuti Mwari (nguva dzose), haAshanduri nzira yaKe yekuita chero chinhu. HaAgoni kushanduka. Mwari Anoita zvinhu zvose nenzira imwe chete, paAnoisa hurongwa hwaKe pamwechete. Sezvandakataura humwe husiku, Akaita sarudzo imwe chete: munhu anofanira kuponeswa neropa rakadeurwa reusina mhaka.

Takaedza zvimwe zvose kuti vanhu vaponeswe. Takaedza kumuendesa kunzvimbo yatakavaka guta (Nebhukadhinezari akazviita), uye vakavaka shongwe (zvakaitwa naNimrodhi), vaive nemutemo, uye vakave nematemberi, vakave nemakereke, vakave namasangano, vakava nehurongwa hwedzidzo, hurongwa hwemasangano—vachiedza kuunza vanhu kuna Mwari. Zvose zvakakundikana; zvicharamba zvichikundikana. Zvinodzoka paropa rakadeuka.

11 11.Maitiro aMwari anotaurwa muShoko RaKe. Uye Shoko iRi NdiCho Chizaruro chose chaJesu Kristu, hapana chinowedzerwa pachiri kana kubviswa pachiri. Ani nani anozviita… Bhaibheri Rakati chikamu chake chichabviswa muBhuku ReHupenyu ReGwayana kana akawedzera chimwe chinhu kana kubvisa chimwe chinhu pachiri. Ingozvitora sekunyorwa kwazvakaitwa.

Bhaibheri haRidi munhu anoRidudzira. Mwari NdiYe Mududziri WaKe. Anozvidudzira nekuita kuti zvaAtaura zviitike. Ndiyo inova mhedziso. Kana Mwari Akazvitaura, uye Akazviita, ndizvo zvoga. Havadi mududziri. Bhaibheri Rakati hazvisi zvedudziro yemunhu—

12 12.Nzira yaMwari yekuzviita nayo. Anogara Akatendeseka kuchiratidzo chaKe chakatumwa, Anotevera neNzwi RaKe. Kubva Mwari zvaAkatumira chiratidzo panyika....

Zvino, Mwari haAmboiti chinhu, Bhaibheri Rakati, kusvikira Atanga Aratidza kuvaranda vaKe vaporofita. Zvino, kana zvisiri izvo, zvino zvimwe zvose zvisakarurama, maona. Hapana chaAnoita kusvikira Achiratidzira. Uye muoni uyo, muporofita, anofanira kuzivikanwa—kuti zvaanoporofita…. Tinoona muna Numeri 12:6 kuti…zvaAnotaura zvinoitika, wozvitenda. Asi kana zvikasaitika, musazvitenda.

Uye zvinofanira kuva saizvozvo, nokuda kwokuti iye…. Hazvinei kuti anotaura zvakawanda sei zvikaitika, uye chero, kana zvisiri maererano neShoko zvinoramba zvisakarurama. Zvinofanira kuva neShoko. Zvinofanira kuiswa mugwara neShoko Rechiratidzo chenguva iyoyo, nguva yavari kurarama mairi.

13 13.Zvino izvi zvakanga zvavimbiswa naMwari kuti Aizonunura vanhu vaKe noruoko rwune simba. Zvino, kana Shoko iRi…. HaAna kudana muprisita, haAna kudana rabhi, haAna kudana mutungamiriri. Akadana mufudzi mugomo—muporofita akatiza, akafanotemerwa, akanga asingadi basa rake.

Paunonzwa vanhu vachishuva kuva izvi, izvo, kana zvimwe, vamwe ... ingotarisa. Mwari haAmbovashandise. Mwari Aitofanira kuvhima Mosesi kuti Amuwane. Aitofanira kuvhima Pauro kuti Amubate. Vanhu vasingatodi kuzviita. Havadi chinhu ichocho. Zvino Mwari Anotora munhu uyo asingadi kuzviiti kuti Aratidze kubwinya kwaKe nazvo.

14 14.Zvino tarirai. Chose…. chiratidzo chose chechokwadi chakatumwa naMwari chinoteverwa nezwi. Zvino, cherechedzai pano, chidzidzo ndicho chiratidzo neinzwi. "Kana vakasatenda inzwi rechiratidzo chekutanga, ipapo vachatenda inzwi rechiratidzo chechipiri."

Zvino, chiratidzo chine inzwi. Uye zvino, chiratidzo chose chechokwadi chakatumwa naMwari chine inzwi, uye inzwi iri rinofanira kutaura maererano neShoko Rakapiwa zuva iroro, nemo nemo. Kana inzwi rikauya riri inzwi rimwe chete rekare…. Unoona chiratidzo, ndingadaro, uye chiratidzo chiri kuitwa nomunhu uyu ndiwo muitiro mumwe chete wekare, zvino unogona kutaura ipapo kuti hazvina kubva kuna Mwari. Kana chikaramba chichizivisa chimiro chimwe chete 'cho chekare chomuitire—hazvina kumbodaro, hazvina kumbodaro—chinenge chichipesana nehurongwa hwaMwari. Chinofanira kuva chimwe chinhu chitsva. Chinofanira kuva chimwe chinhu chisinganzwisiswe nevanhu, chine…kana kuti hachizotumirwi. Hachidi kutumirwa, kana uri muitiro mumwe chete wekare wefundo dzeBhaibheri.

Chinofanira kuva chimwe chinhu chakasiyana, asi chinofanira kuratidzwa muShoko kuti ndechezuva iroro, munoona, zvinobatika zveShoko RaMwari. Zvinofanira kuva izvozvo. Hapana kutsvedza pazviri. Chinofanira kuva chokwadi, chinofanira kusimbiswa naMwari kuti ichokwadi. Zvino munhu anozvitaura anofanira kusimbiswa naMwari, kuti ave muoni anobva kuna Mwari, kana kuti zvakaipa. Havatombo… havatombozvioni zvachose, havatombozvitenda.

15 15.Zviratidzo zvinobva kuna Mwari. Icho (chiratidzo) chinotevera kana kuti, inzwi rinotevera chiratidzo rinofanira kuva inzwi raMwari rinotaura kubva muinzwi rezera iroro. Mazvinzwisisa here? Mwari Anopa zviratidzo. Anozviitirei? Nguva dzose Anopa zviratidzo. Akavaudza kuti ndizvo…vaizoMutsvaka muchiratidzo. Mwari Anopa zviratidzo kuti Akwezve vanhu vaKe.

Zvino, ngatizvinzverei zvizere. Munoona, zviratidzo zvinopihwa kukwezva vanhu. Nokuti kana chiratidzo chakatumwa naMwari chapiwa, Mwari Anenge Agadzirira kutaura. Mwari Akagadzirira kutaura kana chiratidzo chapiwa. Kana chichibva kudenga, chinobva kuna Mwari, uye Mwari Akagadzirira kutaura uye Ari kuedza kukwezva vanhu. Uye Shoko Rinouya kumuporofita waKe, uye muporofita anoziviswa nechiratidzo chaanoratidza. Zvino Anouya kushoko, uye shoko rinoratidzwa. Ndiyo mhedziso yazvo. Hazvidi chero dudziro; Mwari Akatozvidudzira kare, maona. Kungokwana sezvazvingaite. Zvino cherechedzai. Mwari Anopa chiratidzo chokukwezva vanhu.

16 16.Pano gwenzi raipfuta rakanga riri chiratidzo chokukwezva muprofita. Gwenzi raipfuta.... Mosesi akanga ari kuseri kwerenje achifudza makwai ake—mufudzi wemakwai akanga ava nemakore makumi masere, aine ndebvu refu, achifamba, achitevedza nzira yekare, mamwe mangwanani zvichida kwaipisa. Pakarepo herinoi gwenzi raipfuta, uye gwenzi rakanga risingatsvi. Izvozvo zvakanga zvisina kujairika zvachose.

Zvino, Mosesi ari musayendisiti, izvo zvaaka—akadzidziswa muhuchenjeri hwose hwevaEgipita, uye vakanga vari masayendisiti makuru kupfuura atinawo nhasi…. Naizvozvo, mukuva musayendisiti, airatidzika sokunge akataura kuti, "Zvino, ndichaenda kunoona rudzi rwekemikari inopfapfaidzwa pamashizha ayo zvokuti muti iwoyo hautsvi." Munoona, dai akazvibata nenzira yesainzi, dai asina kumbotaurwa naye. Ndizvo zvazviriwo nhasi, kana tiri kuedza kusvika pazviri kuburikidza nechikoro nedzidzo, nenzira yesainzi, uchapotsa Mwari namamaira miriyoni. Svika kwazviri saMosesi, akabvisa shangu dzake—kuzvininipisa, kuzvininipisa.

17 17.Zvino, pakanga pane chiratidzo chokukwezva muprofita. Zvino, chiratidzo ichocho chinofanira kuva neinzwi. Zvino inzwi parakataura, dai risiri muMaGwaro handitendi kuti muporofita angadai akariteerera. Asi tarisai kuti izwi raifamba nechiratidzo raiva muMaGwaro sei. Zvakaratidza kuti Aive Mwari. Nokuti akati, "Ndanzwa kugomera kwavanhu vangu, uye NdiNorangarira vimbiso yaNdakaita kwavari." Munoona—chiratidzo, tevere inzwi reMaGwaro kuseri kwechiratidzo.

Zvino izvo zvinonyatsoratidza chaizvo zvandichangobva kupa senheyo. Chinofanira kuva chiratidzo chinobva kuna Mwari. Uye kana zviri izvo, kune izwi reMaGwaro seri kwacho revimbiso yezuva iroro—kwete muitire mumwe chete wekare. Vanarabhi nezvimwe vanga vachiburwa nemuzvikoro, zvinhu zvose munguva yose iyi, vaprisita, nevakadaro. Asi ichi chinhu chitsva. Uye zviri muMaGwaro. Ivimbiso, uye chiratidzo chokukwezva muporofita.

Zvino Akati…. Zvino, asati aendako, anofanira kuva nechimwe chinhu chokuzvisimbisa nacho kuti muprofita, maona, vasati vamugamuchira. Akati, "Havazoti Ishe Azviratidza kwandiri."

18 18.Ipapo akati, "Ndichakupa zviratidzo zviviri zvokuti uite, uye zvichakwezva meso avanhu. Zvino kana meso avanhu akwezvwa, ipapo taura mashoko aya kwavari. 'NdiNi Mwari WaAbrahama, Isaka naJakobho. Uye NdiNoyeuka vimbiso yaNgu.' Uye Ndakutuma kuti uvadzikinure. Ndichava newe."

Maona here chiratidzo chake chekutanga? Akava nemhando dzose dzekuedzesera kwacho. Vanhu vese vakaedza kukanda nyoka pasi. Kana kusiri 'ko kuita kwevanhu, zvino handizivi kuti chii, maona. Asi vaive nenzwi rakaita sei kuseri kwazvo? Hapana. Inzwi reEgipita renyika. Asi, vaigona kuita chiratidzo;

asi vakanga vasina inzwi rinotsigira shure kwacho. Asi Mosesi akanga aine "Zvanzi naJehovha." Ndiwo waiva musiyano. Vatevedzeri pakupedzisira ... vakaenderera mberi kwenguva yakareba, asi pakupedzisira vakashaya basa.

Munoziva here kuti Bhaibheri Rakati zvichaitika zvakare mumazuva okupedzisira? Janesi naJambre sezvavakapikisa Mosesi, saizvozvowo vanhu vane ndangariro dzakarashika pazvokwadi vachaita sokudaro. Chokwadi ndiani? Jesu Kristu NdiYe chokwadi, maona. Pfungwa dzakarasika pachokwadi....

19 19.Zvino, Jehovha Achataura kuburikidza neShoko RaKe revimbiso. Anofanira kubva Agadzirira kutumira muporofita uyu, nokuti zvinogara zviri mugwara ramafungire aKe, maitiro aKe nguva dzose—kutumira muporofita waKe neShoko, nokusimbisa muporofita. Zvakare, ichi chiratidzo chakavimbiswa. Muprofita pachake chiratidzo. Bhaibheri Rakataura kudaro.

Paunoona nguva dzichifamba, wozoona kwouuya… Tora nhoroondo yeBhaibheri, uinzvere. Pose pamakaona kufamba kwenguva refu, asi kungo…Pamakaona muporofita achionekwa pa…chaive chiratidzo chekutongwa. Mwari Aizotonga nyika paA—kana kuti ndudzi, kana vanhu—pamakaona muporofita achiuya. Ndakaparidza mharidzo pamusoro pazvo (imi varume vanotapa munozvirangarira): "Chiratidzo CheChokwadi Chakafuratirwa." Vanogara vachichifuratira. Vakagara vachidaro. Asi chaive chiratidzo chekutongwa kwaiuya.

20 20.Zvino, Shoko RaKe Rinozadzisika muinzwi raKe. ZvaAnovimbisa, Anobva Azadzisa Shoko RaKe neinzwi. Kuuya kwemuporofita chiratidzo chekuti kutongwa kwaswedera, zvakagara zvakadaro. Rega ndingonokora mumwe chete.

Tarisai kuna Noa achisimuka munguva yekupedzisira … mumazuva enyika yokuparadzwa nemvura zhinji: muporofita achiporofita. Chaiva chii? Mutongo wakarova pakarepo.

Mosesi akaenda kuEgipita, muporofita akasimbiswa aine zviratidzo zvomuporofita. Chii chaitika? Kutonga kwakarova Egipita pakarepo.

Eriya akauya pachiitiko, muporofita, ndokuporofita kuna Ahabhu nenyika iyoyo. Chii chaitika? Kutonga kwakarova pakarepo. Ndizvo.

Johane Mubapatidzi akauya, sechiratidzo. Akanga ari muprofita. Akanga ari muprofita-chiratidzo akauya panyika. Vaiziva kuti paaizouya, Mesiya Aizotaura mumashure make. Zvaifanira kudaro, nokuti, zvaibata vasanangurwa.

21 21.Zvazvaiitirwa ndezvekutora vanhu vakasanangurwa vari kubuda, sepamazuva aNoa.

Semumazuva aEriya, zviuru zvinomwe—kana kuti mazana manomwe kana hungava huwandu hupi zvahwo—vakanga vasina kupfugama ibvi ravo, kuti avadane vabude. Johane, achidana vasanangurwa kuti avagamuchidze kuna Kristu paAkauya—akatsinhanisa kereke yake. Akati, "Ndinofanira kuderera; Anofanira kukwirira, nokuti," akadaro, "Ndinongova inzwi reudanidzira murenje, 'Gadzirai nzira yaShe.'" Jesu Akauya nenzira imwe chete 'yo—kuzoita kuti vasanangurwa vagadzirire kunzwa inzwi raMwari. Ndizvo zviri chiratidzo chechiprofita.

Oo, kana mukatevera mharidzo idzi…Gadzirirai vasanangurwa, kwete…Vamwe havambofi vakazvinzwa. Vasanangurwa ndivo vakadanwa. Mutumwa uya akasvika kupi, muSodhoma, uya nyakuita chiratidzo ichocho? Kuna Abrahama, neboka rake. "Gara kure neSodhoma. Ichatsva." Jesu Akazvivimbisa kuti zvichadzokorora, munoziva, zvakare, paSodhoma iri.

Zvino, cherechedzai.

22 22.Zvinoiteiko? Zvinoipa vasanangurwa kugadzirira kuhwanda munaMwari—semunguva yaNoa, nezvakadaro. Uye zvinoitei? Zvinopomera nyakusatenda wenjere kuti atongwe. Zvakagara zvakadaro. Kuramba tsitsi, hapana chinenge chasara kusiya kwekutongwa. Naizvozvo, zvinoita kuti venjere neasingatendi vagadzirire kutongwa, nokuti, vanoitei? Vanozvishora.

Ndicho chikonzero vaJudha vakadya nyama yavo. Ndicho chikonzero ropa rakabuda muguta apo Tito, mutungamiriri mukuru weRoma, akapindamo—nemhaka yokuti vakanga varamba Mweya Mutsvene. Kutongwa kwaifanira kuuya, nokuti vakanga vakuita chiseko. Jesu Akavaudza pavakaMuti Bherizebhubhi, Akati, "Ndakuregererai." Yananiso yakanga isati yaitwa. Asi Akati, "Kana Mweya Mutsvene Auya, kuita chinhu chimwe chete ichochi [kutaura uchiUpikisa] hazvizoregererwi." Uye chizvarwa ichocho hachina kumboregererwa nezvazvo. Ndizvozvo, kutongwa kune asingatendi.

Zvakaisirwa chinangwa ichocho, kuti zvipe chiedza kumutendi; uye rima kune asingatendi. Sezvakanga zvakaita shongwe yomoto. Yakapa chiedza kuti vayambukire kunyika yevimbiso, uye ikapa rima kune avo vakanga vasingazvitendi. Zviratidzo zvaMwari zvinogara zvichizviita: kutumbura meso anyakusatenda, nekupa kuona nechiedza chekufamba kumutendi. Ndizvo zvazvinotumirwa.

23 23.Kana chiprofita chake chiri chechokwadi ... kana chiprofita chomuprofita chiri chechokwadi uye chikaitika, inyevero yaMwari. Zvino muna Numeri 12:6 tinowana chinhu chimwe chete, muruGwaro. Bhaibheri Rakanyorwa nevarume ava. Zvino, kana tikaverenga muna 2 Petro 1:21, inoti, "Vanhu vakare, vachisundwa noMweya Mutsvene, vakanyora Bhaibheri." Zvakare muna VaHebheru 1:1, yatakataura nezvayo humwe husiku, "Mwari Akataura kumadzibaba kare nemitoo mizhinji kubudikidza navaprofita; mazuva ano okupedzisira kubudikidza naJesu Kristu, Mwanakomana WaKe."

24 24.Shongwe yomoto chiratidzo: inzwi rakanga richizotaura. Shongwe yomoto mugwenzi rakanga riri inzwi rinozivikanwa, iro Mwari Akanga Achigadzirira kutaura naro.

Cherechedza. Zviripachena zvino, usazvipotsa. Miriami paakaseka hanzvadzi yake, Mosesi (uye akanga ari muporofitakadzi paakamuseka), Mwari Ndokuburuka Ari mushongwe yomoto, Mosesi akaziva kuti Mwari Akanga Agadzirira kutaura. Chaiva chiratidzo. Zvino inzwi rakatevera rakati, "Hautyi Mwari here?" Akati, "Hakuna akaita semuranda wangu Mosesi, munyika ino."

Vakaita zvimwe chete 'zvo pavakasimuka vakati…Dhatani paakasimuka, naKora (nokupikisa kwake), "Kune vanhu vatsvene vakawanda kupinda iwe. Unofunga kuti ndiwe wega muboka." Mwari Akanga Agadza Mosesi pabasa iroro.

Zvino pavakada kutora rimwe boka kuti vaende naro, vozviitira sangano, Akati, "Zvipatsanure navo. Ndichavapomera. Ndichavamedza." Uye Akazviita. Nyika yakavamedza.

25 25.Zvino tinoona kuti yagara iri nzira yaMwari. Shongwe yemoto inoratidza kuti inzwi rava kuda kutaura. Oo, batai izvi! Ungava bofu sei? Munorangarira kuHouston. Zvino, pane inzwi rinotevera chiratidzo. Mosesi, muprofita-chiratidzo kuIsraeri, akavimbisa kuti Shoko Ragadzirira kusimbiswa.

Shoko RaMwari Rakakwana sei mukurongeka nguva imwe neimwe, sezvakangoita seUrimi Tumimi sezvandakataura nezvayo humwe husiku. Urimi Tumimu yaivepo, uye kusiya kwekunge chiratidzo ichi chauya paUrimi Tumimi iyi, inzwi haraizogamuchirwa. Panofanira kuva nechiratidzo. Chiratidzo chinosimbisa inzwi; uye inzwi rinosimbisa chiratidzo, kuti chinobva kuna Mwari. Inzwi rechiratidzo ndiro rinotaura kuti "Hongu," kana kuti "Kwete." Kana Mwari Akazviramba, ipapo inzwi rinoti "Kwete." Kana chiratidzo chaivapo, Mwari Aitaura kuti "Hongu." Kurongeka kwaMwari hakuna kumboshanduka. Taigona kugara pazviri kwamaawa. Asi hazvina kumboshanduka.

26 26.Tarirai. Jona, muprofita—tarira chiratidzo ichocho. Akanga ari munzira achienda Tarshishi. Akatanga kuenda Ninivhe, ndokutora nzira inoenda Tashishi. Vakawanda vanopomera Jona. Jona haakodzeri kupomerwa. Aiva muprofita. "Makwara avakarurama anorayirwa naShe." Zvino akatanga kuenda nzira yake yokuTashishi, uye takaedza kupa murume uyu mhosva.

Asi Jesu haAna kumupomera. Cherechedzai, Akati, "Sezvo Jona akanga ari mudumbu rehove huru mazuva matatu nousiku hutatu [chaizova chiratidzo], saizvozvowo Mwanakomana Womunhu Anofanira kuva mumoyo wenyika kwamazuva matatu nousiku hutatu. Uye Zera rakaipa uye rinofeva rinotsvaka chiratidzo. Uye hapana chiratidzo chichapiwa kwavari chinobva kuna Mwari [murangarire] kusiya kwechiratidzo chaJona." Chiratidzo chaJona ndechipi? Rumuko.

Uye ichi ndicho chizvarwa cheSodhoma—mhombwe, upombwe hwapamweya—kuitwa kweupombwe hwomweya vachipikisana nechokwadi chaMwari, vachichiseka. Chizvarwa chakaipa uye choupombwe chichatsvaka chiratidzo uye vachachiwana. Chichava chiratidzo cherumuko.

Tarirai, Jona.

27 27.Vanhu ava vaiva vahedheni uye rakanga riri guta guru… rezvokutengeserana. Indasitiri huru yaive yehove. Vaitumira hove munyika yose. Vanhu vacho vaiva varedzi vehove. Ndiro raiva basa, uye ivo vari vahedheni, vainamata mhuka nemipunzo, uye vakava vakaipa zvikuru.

Senyika ino zvino, izere nekusangana pabonde neHollywood, nemhando dzose…kunyangwe mumakereke. Uye cherechedzai zvinoitika. Hongu 'ka, dzimwe nguva kunyangwe kukwezvera bonde mumakereke anodanwa kunzi emazuvano. Ndudzi ino ingamira sei pasi pechinhu chakadaro? Tichizviidza vaKristu, toita zvinhu zvakadaro? Ingamira sei? Sezvakataurwa neshamwari yangu yakanaka Jack Moore makore apfuura, "Kana Mwari Akarega nyika ino ichipukunyuka, Anosungirwa, saMwari Akarurama, kumutsa Sodhoma neGomora, nokukumbira ruregerero kwavari nokuvapisa."

Wakasungirwa kutongwa. Hapana imwe nzira yekuzvigamuchira nayo. Zvinyorei mumaBhaibheri enyu. Ndava kuita harahwa. Muchaona kana isingazopindi pakutongwa. Uye kana ndikararama hupenyu hwamazuva ose, ndichazviona 'wo ... nguva yamazuva ose. Mamwe makore mashoma achasunungura kutongwa.

28 28.Jona—vose vakanga vaenda kundoredza anenge masikati. Uye heunoi mwari wegungwa achiuya. Hove yakamhanya ichienda kumahombekombe ndokusvipira muporofita pamahombekombe. Chiratidzo

chakadini! Mwari Akaunza muprofita waKe nemharidzo. Zvino vakaona chiratidzo. Vakatenda chiratidzo. Zvino mharidzo yaive yokuti kudii? Tendeukai! Ndiro inzwi rechiratidzo. Inzwi rechiratidzo nderekuti, "Tendeukai, kana kuti mukati memazuva makumi mana muchaparadzwa." Vakaziva zvakakwana kuti vatendeuke. Jesu Akati, "Vachapomera chizvarwa chino nokuti vakatendeuka pakuparidza kwaJona. Mukuru kuna Jona Ari pano." Inzwi rakati, "Tendeukai, kana kuti muchaparadzwa mumazuva makumi mana."

29 29.Johane, muprofita, achionekwa—chiratidzo chokuuya kwomuporofita—mushure memazana mana amakore vasina muprofita… Vakanga vava nevenjere vose. Ndinombofungidzira matakanana avaive maari. Makore mazana mana, pasina muporofita. Asi nguva yakaswedera yokuti Mesiya Auye. Zvino, Johane aiva chiratidzo, ari muporofita, kuti Mesiya akanga agadzirira kutaura (inzwi rechiratidzo), nokuti muna Maraki 3 tinoona kuti, "Ndichatuma nhume yaNgu pamberi pechiso chaNgu." Eriya aifanira kuuya pamberi pake; Eria akauya. Johane, mumweya nesimba raEriya, akauya akaita chaizvo zvakataurwa neMaGwaro. Uye havana kuzvinzwisisa. MaGwaro Akataura kudaro. Akanga ari chiratidzo, muprofita-chiratidzo, kuti Mesiya Aizotaura.

Muporofita iyeye akaMuziva kusvika ati, "Hongu 'ka, pane mumwe Amire pakati penyu izvozvi. NdiYe Mesiya Wandinotaura nezvake Ari pakati penyu. Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe. NdiYe iYe Achabhabhatidza neMweya Mutsvene nemoto. Ini ndinobhabhatidza nemvura mukutendeuka. Asi iYe Achauya shure kwangu. Ari pakati penyu izvozvi."

30 30.Rimwe rezuva akaona murumwe wechidiki achiuya achifamba. Akaona shongwe yemoto muchimiro chenjiva ichiburuka kubva kudenga, inzwi richiti, "Uyu NdiYe Mwanakomana WaNgu WaNNdinoda, WaNdinofarira kugara maAri." Anoti, "Ndinofadzwa kugara maAri." - ringori inzwi rinotsanangura chiito ratangira inzwi rinopa chimiro chechiitiko. Naizvozvo zvakangofanana. "WaNdinofadzwa kugara maAri," kana kuti "WaNdinofarira kugara maAri," hazvina mutsauko. Cherechedza. "NdiNofarira kugara maAri."

Johane Akati, "Ndinopupura kuti Nyakundiudza murenje murenje[kwete seminari; murenje] Akati, 'Iye wauchazoona Achuburukirwa paAri naMweya, Uchigara [Ameni!] NdiYe Anobhabhatidza noMweya Mutsvene nemoto. Uye ndichapupurira kuti ichokwadi."

Chaiva chii? Muporofita iyeye aiva chiratidzo chokuti Mesiya Agadzirira kutaura.

Mesiya Aivei? Mesiya Aive Shoko Rizere. Aive huzaro hwaMwari. Vaporofita vaiva chiedza chishoma. Asi maAri maiva nemwenje uyu wose - waive muna Mesiya uYu, nekuti Aiva Mwari Akaratidzwa Akaita kuti Ave Emanuere, Mwari pakati pedu munyama yemunhu.

31 31.Mesiya Akanga Agadzirira kutaura.

Uye mizvicherechedze. Bhaibheri Rinotaura kuti Shoko RaIshe Rinouya kumuporofita. Zvino heunoi Johane, kuti Jesu Akataura ndiye muporofita mukuru ati akamborarama. Jesu Akataura kudaro. Mateo chitsauko 11: "Makandoonei? Munhu akazungunuswa nemhepo dzose [sangano iri rinoti, "Ndichakupa zvizhinji kana ukaita izvi."? Kwete naJohane. Kwete, kwete. Munhu aisundidzirirwa kure, anovhundutsirika here? Kwete, aiva asina kukwenenzverwa, ari muporofita akakwasharara.] Makandoona murume aive ese akapfeka nguo yehupirisita here?" Iye Ndokuti, "Kwete. Vakadaro vanogara mumizinda yamambo. Ivo vanoroora vachidiki, vanotsvoda vacheche, uye voviga vakweguru." Ndizvo zviri mhando ... havazivi chero chinhu nezvebakatwa remibato miviri.

Ndokuti, "Chii chamakandoona?" "Muporofita here?" Iye Ndokuti, "Anopfuura muporofita." Nokuti aiva mutumwa wesungano, akavimbiswa kutumirwa naMwari. Uye cherechedzai, heunoi Johane akamira mumvura achibhabhatidza, achiti Ari kuuya. Uye heRinoi Shoko - Risisiri kudenga-asi Raitwa nyama. Shoko inyama. Chii chinoitika ipapo? Ko gwara reRuGwaro RwaMwari nderipi? Shoko Rakauya kumuporofita ari murenje, mudziva chaimo. Shoko Rakauya kumuporofita. Johane akatarisa kumusoro, akati, "Ndinofanira kubhabhatidzwa neMi."

32 32.Hama yangu yekare inodikanwa, Chiremba. Davis, kereke yeMission Baptist, nyakundibhabhatidza murutendo rweChiKristu…. Kana vari pano manheru ano hazvireve kuti ndinoda kukanganisa manzwiro avo, nekuti vanogara muno muTexas, vari kunze kuno uku muDavis Mountain. Asi ndinoyeuka tichikakavadzana nerimwe rezuva. Ndaingova mukomana. Ndikati, "Hazvireve zvakanaka, Chiremba Davis."

Ivo ndokuti, "Chii chaizotika, ipapo Jesu Akabhabhatidza Johane; uye ipapo Johane akabhabhatidza Jesu, nekuti Johane akange asina kubhabhatidzwa."

Hazvina kupa chirevo chakanaka kwandiri. Ndakaramba ndakamirira, ndakatarisa, ndichifunga. Handaigona kutaura chinhu pamusoro pazvo, kusvikira rimwe zuva Ishe paAkazvizarura. Zvino tarisai zvakataurwa naJesu. Johane akati, "Ndinofanira kubhabhatidzwa neMi, uye Munovingei kwandiri?"

Jesu Akati, "Tendera kuti zviitike saizvozvo, nekuti zvikaitwa kwatiri kuti tizadzise kururama kose."

Johane aiziva kuti iYe Aiva Ani. Kune vatungamiriri vaviri vepanyika, vatungamiriri vaviri vekereke: Mwari nemuporofita waKe vakamira pamwe chete.

Zvino cherechedza, ivo vanofanirwa kuziva. Jesu Akati, "Tendera kuti zvive saizvozvo [zvakarurama]; asi zvinosungirwa kwatiri kuti tizadzise kururama kwose"- iro Shoko Rakavimbiswa. Chibairo chaifanira kushambwa chisati chakumikidzwa. Johane akabhabhatidza Jesu nekuti Aive chibayiro, maona. Chibairo chaifanira kushambwa chisati chakumikidzwa. Ndokufamba kuenda 'ko, uye chibayiro chakashambwa, uye ipapo Akakumikidzwa Anatswa.

Akati, " Hero Gwayana RaMwari."

Akakwidza mahombekombe, uye heUnoi Mweya WaMwari Uchiuya pamusoro paKe. Ndokuti, "Uyu Mwanakomana WaNgu Unodikanwa," maona. Akaratidzwa ipapo kuruzhinji. Asi chibayiro chisati chakumikidzwa, chaifanira kutanga chashambidzwa. Ndiwo murairo weTestamende Yekare.

Zvakanaka.

33 33.Mesiya Aigadzirira kutaura, nekuti hechinoi chiratidzo pano chemuporofita. Uye pavakaona muporofita iyeye achiuya panzvimbo mushure memakore angangoita mazana mana pasina muporofita, vakaziva kuti inzwi rinotevera raiva Mesiya.

Zvino imi vaverengi veBhaibheri fungisisai chaizvo kwemaminitsi mashoma. Tarisai muhunhu hwake. Vakamupotsa sei? Vakapotsa sei kuziva kuti iye akange ari 'ye, Johane? Hunhu hwake hwakaratidzwa. Iwo mweya wake nehusikwa zvakaratidza kuti ndiEriya. Zvino mucherecheedza kuti mweya upi. Zvino, aive Johane muBhabhatidzi, asi mweya waEria waiva pamusoro pake.

Cherechedzai. Kutanga, Eriya aive munhu aida renje, maona. Uye Johane aive munhu wemurenje. Uye Eriya aive munhu akapomera hurongwa hwesangano pazuva iroro nezvese zvaiva maari. Johane akaita saizvozvo. "Imi rudzi rwenyoka. Ndiani wakakunyeverai kuti mutize kutsamwa? Musatange kutaura kuti 'Ndine izvi, izvo, kana zvimwe.' Mwari Anokwanisa kuZvimutsira vana kuna Abrahama kubva pamabwe aya." Munoona here hunhu huviri uhu?

34 34.Uye tarirai Eriya. Akapomera vanaJezebheri vose vohuso hwakapendwa vezuva rake, madzimai nzenza iwayo. Johane akaitei? Chinhu chimwe chete kumudzimai waHerodhi. Vari vaviri, vakave chikonzero chekufa kwavo. Tarisai muone Eriya. Pashure pokunge aita basa rakakura iro, aizobatikana-kunze uko onyengeterera kuti Mwari Amutore. Johane Akaita zvimwe chete. Akagara ipapo, akatumira vadzidzi vake, akati, "Endai munoMubvunza kuti NdiYe here, kana kuti totarisira mumwe?"

Jesu Aiziva izvozvo. Aiva Eriya. Hwaifanira kuve hunhu hwake. Akazivikanwa chaizvo sezvakaita Eriya. Aive muMweya WaEriya. Unofanira kuuya rushanu, mweya iwoyu, kuti ushandiswe. Eriya, Erisha, Johane, Maraki 4, uye kuvaJudha mumazuva ekupedzisira emazuva akaitarwa [manzwi asina kunyatsonzvikwa], mweya waEriya.

Cherechedzai, zvino. Nhasi, ndinoda kuti mutarise maporofita edu emazuva ano, achirega vanaJezebheri vachigura vhudzi ravo, vachipenda kumeso kwavo, vachikupfeka zvikabudura, chero chinhu ... zvakavanakira. Vaporofita vedu vanaAhabhu vanhasi, vachifamba nedzidzo dzavo, chokwadi, vachivatungamira nezvitendwa zvakagadzirwa nevanhu nemasangano. Chii ichocho? Vaporofita vanaAhabhu. Tinoda mumwe Mikaya asimuke panzvimbo. Kana kuti nenguva yaAhabhu, Eriya agouya panzvimbo. Iye Nyakuvimbiswa.

Kuvatungamira nechero nzira yavanoda kuenda nayo.... kana vasingaiti ... ita sewavabata zvisina kunaka pano kumwe kunhu, vanobuda vozvibatanidza neichi, uye voramba vakkabatira pauchapupu hwavo hweChiKristu.

Hongu 'ka, ivo havana kumboponeswa kubva pakutanga. Hunhu hwavo chaihwo hunozviratidza. Ungawana mazambiringa pamuti weminzwa here? Ungawana here manwiwa kubva pemuboora? Hunhu hwacho chaihwo hunoratidza kuti havadi kana nechekuita neShoko. VanoRiseka, uye vanoRimhura; izvo zvakanyorwa kuti "zvanzi naJehovha," zvinhu izvi zvichaitika. Uye vanoRiseka nekuRinyomba.

35 35.Chikonzero Jesu Akati, "Mambokadzi wezasi achasimuka pamwe chete nechizvarwa ichi mumazuva ekupedzisira, ochipomera. Nekuti iye akauya achibva kunzvimbo dziri kure kuzoona murume wechipo cheuchenjeri." Iye Akati, "Mukuru kuna Soromoni ari pano." Chokwadi.

Soromoni aive .... Zuva rake raive rimwe remazuva makuru. Vanhu vese vakatenda chipo icho chavaapiwa naMwari, Soromoni uyu. Mukurumbira wake ukabudira kwese-kwese. Ko kana isu vanhu vezuva rino, isu vomuAmerica .... Tinogara nguva dzese tichiedza kutsvaga hurongwa hunopesana neCommunism. Heunoi hurongwa hwaMwari: Tendeukai, dzokai kuna Mwari. Humwe hurongwa. Kana vangangoita saizvozvo, tinokanganwa nezveCommunism.

Uye Israeri yose yakatenda chipo ichocho chavakapiwa naMwari. Kana America ikangopa ...

ikangotenda chipo ichocho chatakapiwa naMwari mazuva ano ekupedzisira, Mwanakomana WaKe muchimiro chaMweya Mutsvene, Akamutswa kubva kuvafi, Achirarama pakati pedu maererano nezvaAkavimbisa. Dai tikangozvikoshesa izvozvo.

Zvinongoenda kuvasanangurwa. Nekuti "Hakuna munhu angauya kwaNdiRi kusiya kwekunge Baba VaNgu Vamukwevera. Uye vese vaNdakapiwa naBaba, vachauya." Kungodyara mbeu. Inowa-imwe nenzira iyi, uye imwe 'wo nenzira iyo. Asi pane kudyarwa kwembeu zvakadaro. Ichabata midzi yayo, chero kwairi. Vachazvibata.

36 36.Cherechedzai. Havanoi. Uye tinoona kuti nezuva iro Ahabhu ... Ndudzi yacho yakanga yaita kuti vaIsraeri vazvibate nechero mhando yezvinhu zvavaida, uye vachiri nouchapupu hwokuti vaIsraeri. Kuti Eriya apomera sei chizvarwa ichocho nezvose zvaive maari-uye Mwari Achimusimbisa kuti aive muporofita, kuuya kusati kwasvika.

Ndizvo zvakaitwa naJohane. Akafamba achiendako. Uye Israeri yakanga yaroodza mudzimai uyu kuna Herodhi-mudzimai wemunun'una wake Firipi. Akaenda mberi pachiso chake. Haana kudzora tsvimboa. Aisatya mumwe mupresbyter aizomudzinga. Haana kuenda nekadhi reyanano, kusiya kwaMwari chete. Aive muporofita waKe. Shoko Raive naye. Aisafanira kuenda kunobvunza chero mubhishopi kana mudhikoni. Akanga akazodzwa. Aive neShoko.

Akafamba pamberi pake akati, "Hazvitenderwi kuti uve naye." Ndizvo. Haana kudzora tsvimbo. Madzimai iwayo akaipa anoita upombwe, achiva nomuitiro wakaipa ....

37 37.Kufanana naAmosi, paanouya panzvimbo, akatarisa ipapo .... Hatizive kunyangwe kwaanobva. Imi we-e! Anofanira kunge akatarisa pamusoro peguta iro reSamariya, sezvaitwa nevashanyi: rakanaka rose, uye vaparidzi vese vaine kuwirirana nendudzi, uye vari muchibvumirano chendudzi, nemunhu wese; asi vachiri kugara muchivi. Meso ake akanan'anidza, musoro wake une mhanza uchipenya, akaburuka. Aisava nechiremerera, asi aive ne "zvanzi naJehovha."

Tinoda Amosi panzvimbo nhasi. Taizomugamuchira here? Zvirokwazvo kwete. Kusagamuchirwa kumwe chete kwaakamboitwa. Aizouya panzvimbo. Aizoputsa sangano rega rega, sangano rega rega, mudzimai mumwe nomumwe anopfeka zvikabudura, vanaJezebheri vanodimbura vhudzi vose. Aizovaputsa kuti zvidimbu.

Vaizomukandira mumugwagwa uye voti, "Mupengereki wekare." Asi aizova ne "zvanzi naJehovha," nekuti zvakanyorwa nenzira iyoyo. Sangano ringamugamuchire here? Kwete. Ainge asina munhu anomutsigira pahurongwa hwake. Guta guru iri reruchiva, sezvaiva reSamariya, vaizogamuchira muchinda uyu pasina kadhi reyanano, paizoshaikwa anomutsigira, kana chero chinhu? Aisava kana netsigiro zvayo. Akanga asina kana nekadhi reyanano, hapana chikoro chaaibva. Asi aive ne"zvanzi naJehovha." Uye kuuya kwake semuporofita chaive chiratidzo. Inzwi rake rakabva kuna Mwari, uye rakaratidzwa. Mumazuva aJerobhoamu wepiri, zvese zvaakataura zvakaitika.

38 38.Uye zvino tinoona kuti zuva ratiri kurarama mariri, idzokororo yeizvozvo zvakare. Vashumiri uye vanhu vanonyara kumira mupurupeti, uye evhangeri inova pokuraramira. Vanotya kutaura chero chinhu. Mumwe munhu achavaburitsa pane izvi, izvo, kana zvimwe. Kune munhu mumwe chete anogona kukubvisa kudenga - NdiMwari. Uye ungagoburitswa sei kubva kudenga iwe uchigara neShoko RaKe? Ndizvo zvaAkakutumira.

Rangarirai, Bhaibheri Rakadaro kuti nguva yakadai sezvazvaive mumazuva aEriya, uye zuva rakadaro sezvazvaive mumazuva aJohane, kuti Maraki 4 achadzoka panyiika zvakare. "Ndichatumira Eriya ...." Zvino, musavhiringika naMaraki 3: "Ndinotumira nhume yaNgu pamberi paNgu." Ndiye Eriya, zvakare. Asi muna Maraki 4, "zuva guru raShe rinotyisa risati rasvika, nyika yose paichapisa sehovhoni uye vakarurama vachafamba pamadota evakaipa [ndiyo millenium], ndichatumira Eriya muporofita.

Uye Achaitei? Achadzosera kutenda kwevana kudzokera kumadzibaba vaapostora, kudzokera kuShoko. Anofanira kuve muporofita. "Ndichamutumira." Achanyatso zivikanwa. Hunhu hwake chafanana nemaitiro aEriya, ndizvo. Mharidzo yake ichava saizvozvo. Achapomera, kuputsa, asina yanano, pasina kubatana, pasina chero chinhu. Asi iYe achazova ne "zvanzi naJehovha."

39 39.Zvino rangarirai. Pakange paine marudzi ese emapoka amire, achiti "Iyi ndiyo nguo yaEriya, uye iyi ndiyo dzidziso yaEriya" - boka rose, sangano rinotenda muboka raEriya kana nguo yaEriya. Haasi MaGwaro. Mwari haAna kumbobvira Ashandidzana neboka rakadaro. Eriya paakauya panzvimbo, uye Johane muBhabhatidzi, vese vari vaviri vaizvidza mapoka nesangano. Ivo havana kumbo .... Anoapomera nenzira yavakaita, Eriya naJohane vese vari vaviri. Kwete boka kana sangano; asi zvese izvi, munguva yavo yose, vachipomera mapoka nemasangano.

Zvodini zvino? Chiratidzo chenguva yekupedzisira chichaperekedza inzwi rekugumisira. Eriya anofanirwa kuuya panzvimbo: munhu akazodzwa nomweya iwoyu, munhu wamasango, zvichingodaro, uye anoda izvozvo. Uye ouya panzvimbo kuzosimbisa .... Zvino cherechedzai zvinotaurwa neGwaro.

Ipapo hauzonyengeri, maona. Chiratidzo chenguva yekupedzisira neinzwi renguva yokuguma....

40 40.Mwari haAna kumbobvira Ashandidzana neboka chero papi zvapo muMaGwaro. Anoshanda nemunhu mumwechete, nekuti munhu wese akasiyana nemumwe, munhu wese. Zvgunwe zvedu zvikuru zvakasiyana, mhino dzedu dzakasiyana, muiitiro wedu wakasiyana. Anotora munhu mumwe chete kusvikira anyatsopinda mugwara, kusvikira azova Shoko iRoRo.

Ndicho chikonzero Pauro, akati, "Kunze kwekuti ndakakwidziridzwa pamusoro pehuwandu hwechizaruro, kwakapihwa kwandiri mutumwa waSatani." Munoona, Mateo akanyora, Ruka akanyora, Mako akanyora, ivo vose. Asi ivo vakangotevera Jesu uye vakanyora izvo zvaAkataura. Asi Pauro akaratidzwa zvaAri, maona. Ndicho chinokosha. Munoona, chizaruro chake chaive chikuru kwazvo Akamurega achinyora Bhaibheri, saMosesi weTestamende Yekare. Munhu weumhare Pauro, chizaruro ichocho chaaive nacho .... Aiziva kuti Jesu WeTestamende Itsva NdiYe Jehovha weYakare. Aive nechizaruro, uye aigona kuchiisa kuna vaHebheru, uye kuna vaRoma, uye nekuna VaEfeso, navose. Akanyora tsamba idzi.

Cherechedzai. Mushure mekutambanuka kwechizaruro chake, zvino akanyora tsamba.

41 41.Mhando yamauyiiro ichave imwe chete. Hapazovi neboka; pachave nemumwe chete. Mwari haAna kumbobvira Ashanda neimwe nzira kusiya kwekuburikidza nomumwe chete.

Zvino, Eriya aive asiri boka. Johane mubhabhatidzi aive asiri boka. Ivo vaive munhu mumwe. Mwari ... Maraki 4 haiti, "Ini ndichatumira boka"; Yakati, "Ndichatumira Eriya." Shoko Racho haRigone kushandurwa.

Zvino cherechedzai. Chiratidzo chenguva yekupedzisira uye inzwi zvichauya mugwara reMaGwaro, sezvakavimbiswa. Tinoda kuziva zvichave chiratidzo chekuguma? Jesu Akatiudza munaMateo 24 na25. Akatiudzawo muna Zvakazarurwa, nzira yese kubva kuchitsauko 6, kana iyo 1, kundobata kuna ... zvakanaka, icho chitsauko 10. Ipapo Anouya muchitsauko 19. Millenium inopindira pakuuya kwake, kutaswa kwebhiza jena. Kuchauya ... chiratidzo chenguva yekuguma (zvino teererai mukuvhara), kuchauya chaizvo nenzira inotaurwa neGwaro.

Zvino cherechedzai, inzwi rechiratidzo.

42 42.Zvino, Jesu, muna Ruka 17:30, akavimbisa chiratidzo chenguva yekuguma. Chiratidzo chekuguma chakange chakaratidzwa mumuviri wemunhu chinogona kunzvera mifungo yaive mupfungwa dzaSarah mutende shure kwake. Ndizvo zvaAkataura. Ndicho chiratidzo chaAkavimbisa pakuguma. Akati chichaitei?

Chinozozivikanwa mumazuva, mazuva ekupedzisira, pakuzarurwa kweMwanakomana Wemunhu-Achizarurwa kwatiri. Mwanakomana woMunhu paAnozarurwa, ndicho chichava chiratidzo chaAchazarurwa nacho. Zvino cherechedzai kana zvisingatauri kudaro. Chokwadi zvinodaro.

Zvino, unogona here kuti, "Kwete, chichava chimwe chinhu. Kwete, kuchavakwa chivakwa chikuru, chikuru chinoti, kana izvi, kana umwe mubatanidza mukuru wemakereke, kana chimwe chinhu?" Oo, kwete. Kwete. Zviri kure 'sa nazvo. Ndiko kuve kune rumwe rutivi. Zvinopesana nezvakataurwa naMwari kuti (ita) Achazviita.

43 43.Cherechedzai zvatataura zvino. MaGwaro Achangove saizvozvo, nekuti tine sodhoma chiratidzo panyama. Ndirirni kwakambovapo ngochani, kushonyoroka, uye zvinhu sezviriko ikozvino: chizvarwa chakaipa uye chinofeva, chausingakwanise kutungidza terevhizheni yako ukasazona zvinyadzi zvichibuda 'po. Uye vanhu vachizvidaidza kuti MaKristu vogara pamba voregа kuenda kumusangano wemunamato kuti vagoona zvakadaro. Zvinoratidza mweya uri mauri. Ndizvo. Uye madzimai achapfeka sevaya; uye murume achavarega vachitungamira sezvavanoita ikoko.

Tichatora Hollywood semuenzaniso wedu here; kana kuti tichazotenda Shoko RaMwari nezvazvo? Uye boka rimwe chete 'ro raiona Shoko RaMwari Richisimbiswa, uye vanoitei nezvazvo? VanoRisek - nekuti vakafa, vakafa nokusingaperi. Ivo havana kumbobvira vave vapenyu. Dai vakambogara vari vapenyu, vaizogara vari vapenyu, kwezienda nakuenda. Asi ivo havana kumbove vapenyu; vakagara vakafa.

OO, vanogona kunge vakachenjera, uye vachitenda izvi, izvo, kana zvimwe. Jesu Akati, "Imi vanyengeri [kwavari vapristi nezuva iro]. Mungagotaura sei zvinhu zvakanaka? Nekuti kubva muhuzaro hwemoyo muromo unotaura. MuchiNdidana kuti Rabhi Wakanaka, Tenzi Akanaka!" Aiziva zvaive mumoyo yavo. Aigona kuona zvaiva mumoyo mavo. Aive Shoko.

44 44.Bhaibheri rakati, "Shoko RaMwari rakapinza kupfuura munondo unocheka nakwose, uye Rinonzvera mifungo yemoyo." Zvino chiratidzo cheSodhoma chakadzoka munyama. Uye kana zvese zvigere nemo nemo munzira yazvinofanirwa kuve panyama, naizvoozvo ungazvidzima sei kubva mupfungwa dzako kuti zvemweya hazvisi pano panguva imwe chete 'yo? Zvimiro zvose zviri zviviri zviri pano.

Hongu. Wese munhu anozvibvuma kuti zvapanyama ndizvo zvazviri. Asi oo, zvemweya .... Havadi kuzvitenda, nekuti zvinokanganisa dzidziso yavo. Ruka 17 chiratidzo. Ruka 17 Chiratidzo chakataurwa naJesu, kuti mumazuva ekupedzisira ndudzi, nemakereke, uye vanhu vanezenge vakaita seSodhoma, iyo nyika yevaHedheni, Sodhoma roda kutsva. Uye panogona kunge paine boka rakatarisa, saAbrahama ....

Dzokera. Jesu paAkati, "Sezvazvaive mumazuva eSodhoma ...," dzoka uone zvazvaive muSodhoma. Akaverenga Bhaibheri Rimwe chete Ratinoverenga, Bhaibheri Rimwe chete. Zvino, dzokera uye utarise zvaraive.

45 45.Herinoi boka rakasanangurwa rakadanwa-boka raAbrahama. Vakanga vachitarisira mwanakomana wevimbiso. VaSodhomi havana chavakatenda nezvazvo. Uye maiva nenhengo inodziya, yekereke, sazi imomo muSodhoma.

Tarisai vatumwa vatatu ivavo vachiuya kune mumwe nemumwe wavo. Cherechedzai muone zviratidzo zvavakaratidza; ipapo muchaona kuti ndezvipi zviratidzo zvatiri kurarama mazviri. Zvino ichocho chichava chiratidzo. Uye inzwi rechiratidzo richava Maraki 4, kudzoreredza vanhu pakutenda kwamadzibaba. Pane chiratidzo, pane inzwi - chaizvo maererano neGwaro.

Munoona, chiratidzo chiratidzo chokuti muSodhoma - Mwari Akaratidzwa muvanhu. Iye Ndokuti, "Mudzimai wako Sarah, uripi?"

Akati, "Ari mutende seri kweNyu."

Akati, "Ndichakushanyirai maererano nenguva yaNdakakuvimbisa." Uye Akati ....

Uye Sarah, kumashure, akati, "Zvingaitika sei izvozvo? Ini, mudzimai chembere, murume ava harahwa-zvingadaro … murume wangu kunze uko, iharahwa." Ndokuti, "Isu ... hapana chakadaro chingaitika nesu." Ndokuti, "Hazvingagoneki."

Iye Akati, "Sarah apokanirei nazvo, achiti mumoyo make, 'Zvinhu izvi zvingaitika sei?'?"

46 46.Jesu Akataura kuti zvichadzoka zvakare.

Zvino rangarirai, Abrahama akadana Munhu iYeYe kuti "Elohim," Mwari. Mwari! Aitofanira kuve saizvozvo! Nei? Aikwanisa kunzvera mifungo, uye Aive munguva chaiyo. Uye Elohim, Mweya Mutsvene-kwete mumwe munhu; Munhu Mumwe chete - Achidzoka mukereke, uye aizoita zvimwe chete 'zvo.... Ndicho chaizove chiratidzo. Uye inzwi raizori, "Vadzorei kuShoko; dzoserai kutenda kwavana kumadzibaba." Hechinoi chiratidzo nenzwi.

Zviratidzo zvinowanzogamuchirwa; asi inzwi harigamuchirwi. Havafariri inzwi; asi ivo vachatora chiratidzo. Kazhinji vanochitora. Vanofarira chiratidzo, nekuti ivo vanofarira kuchitarisa - chinovafadza; asi izwi, havadi kuzviita.

Rangarirai. Zvino, izwi .... Dzokai kuShoko zvakare.

Chiratidzo chaMesiya - maererano naIsaya 35, "Vakaremara vachasvetuka kunge nhondo," nezvimwe zvese izvi-

47 47.Zvanga zvakaisvonaka. Oo, vakazvibvuma izvozvo. Zvainge zvakanaka. Vazvikatenda izvozvo. Vakatenda chiratidzo.

"Huyai, Rabhi, kukereke yangu. Tinokutamabnudzirai iMi kushandira pamwe kuzere. Chokwadi, tinoKutendai. Munoshamisa.... NdiMi Rabi. NdiMi muporofita mudiki. Pindai, mumarudzi ose ekushandira pamwe. Chiratidzo ichocho chinoshamisa."

Asi inzwi rakati richiti, "Ini naBaba tiri vamwe," oo, imi we-e!

Havna kugona kuzvitenda. "Unozviidza Mwari." Vakanga vasingaridi inzwi.

Vaifarira chiratidzo. Vaiziva kuti… Vakazvibvuma kuti chaive chiratidzo chaMesiya; asi inzwi, havana kurifarira.

"Mabasa aNdiNoita muchaaitawo."

Uye ivo ndokuti, "NdiBherizebhabhu."

Akati, "Imi chizvarwa chenyoka!" Oo, vaivenga sei inzwi iroro.

Chii chavakaita? Vakabvisa inzwi iroro pakati pavo! VakaMubudisa kunze. Jesu Akati, "Kana vachiti kumwene weimba Bheerizebhubhi, zvikuru sei zvavachataura kuvadzidzi vake?" Rangarirai, muna Zvakazarurwa 3 pazera reRaodikiya—iyi iRaodhikiya—chiratidzo cheSodhoma chiri kuuya. Inzwi—"Dzokerai kuShoko, kubva pazvitendwa izvi nemasangano, mudzokere kuShoko"—parakauya maererano

naZvakazarurwa 3, Akadzingwa mukereke, sezvazvaiva kare 'ko.

48 48.Chiratidzo chakanaka; asi kwete inzwi. Havadi kana nechekuita neinzwi. Kwete, kwete. Inzwi asi… (Mosesi) akati "Kana vakasa…," kana kuti Mwari Akati kuna Mosesi, "Kana vakasatenda izwi rekutanga rechiratidzo chekutanga, vaedze painzwi rechipiri. Uye kana vakasaita izvozvo, zvino enda unotora mvura woidururira pasi."

Ndiyo Mhedziso. Ndizvo zvose. Gumhai guruva kubva patsoka dzenyu, nemamwe mashoko, sekutaura kwakaita Jesu.

Ndokuti, "Tora mvura kubva murwizi, uidururire pasi … ichava ropa, uye uratidze kuti ndizvo zvaichaita ichanwirira ne-ropa." Naizvozvo ndizvo chaizvo zvazvaive.

49 49.Kana vakanga vasingatendi chiratidzo ichocho. Zvino chiratidzo chechitatu chakavabata.

Hushumiri hwese hune zviratidzo zvitatu kana hwakatumwa kubva kuna Mwari. Jesu Aive nezviratidzo zvitatu, Mosesi aive nezviratidzo zvitatu, Nowa aive nezviratidzo zvitatu, Eriya aive nezviratidzo zvitatu. Zvose zvinouya muzviratidzo zvitatu.

Cherechedzai. Teererai, shamwari. Kwava kudooka. Oo, imi we-e. Handina kuziva kuti kwakanga kwadoka kudaro—kota mushure mukuchaya kweawa. Kana mukagona kutenda chiratidzo cheSodhoma chaRuka, maona, sokuvimbisa kwaAkazviita…Munotenda chiratidzo cheSodhoma, zvino sei musingakwanise kugamuchira inzwi raMaraki rinotevera chiratidzo, kuti mudzokere kuShoko. [Chibenga chisina chinhu patepi.]

... Bhaibheri Rakataura kudaro, uye munozviona. Ipapo iri inzwi rechiratidzo: "Tizai kutsamwa kunouya. Usafunge kuti 'Nokuti ndiri weUPC, Assemblies of God, Methodist, Baptist, Presbyterian, ndine kodzero yokupinda.' Mwari Anogona kumutsira Abrahama vana kubva pamatombo aya. Tendeukira kuShoko. Kudzoka kubva pakuita kwako kwenyika, nehurongwa hwako hwemasangano nezvimwe. Mwari Achavaparadza kubva panyika. Achavanyudza pakadzika pegungwa rokanganwiro—sezvaAkaita Egipita paAkadana Israeri, ndudzi kubva mundudzi—paAnodana Mwenga kubva mukereke. Uchapfuura nemunguva yekutambudzika kwevanosara, uye wonyorovesa nyika neropa rako. Tizai kutsamwa kuchauya, nekuti kwava pedo."

50 50.Haungaoni kuona zvinhu izvi usina…. Handizivi zvaunofunga nezvazvo. Ndine mungava wokuzviverenga nokutaura nezvazvo. Zviri kwauri. Kana uchigona kutenda chiratidzo, zvino tenda inzwi rinotevera chiratidzo. Oo, imi we-e!

Tarirai, Mosesi: mumvuri wokubuda zvino. Aifanira kuudza vanhu ivavo nezvevimbiso yakanga yapiwa madzibaba. "NdiNorangarira vimbiso yaNgu kumadzibaba avo." Zvino, Mosesi anofanira kuitei? Kudzosa moyo yevanhu kuti idzokere kune zvakanga zvataurwa namadzibaba. Uye sezvakanga zvakaita Mosesi panguva iyoyo, ndizvo zvakaitawo Maraki 4 kudzosa vanhu kukutenda kwemadzibaba.

51 51.Kukanganisa kwese kwemasangano uku, nezvimwe zvakadaro—dzokerai kuShoko!

Ndinokuzivai ... vanhu vazhinji vanoda kuita izvozvo. Handisi kukusvuurai pano. Matepi aya anotenderera pasi rose, munoona, kwose kwose. Handisi kukuzvuurai; asi ndiri kusvuura ani nani, akazvifanira. Ndiri mukushi wembeu. Ndizvo chete zvandinoziva kuita. Zviri kwauri kuita sarudzo. Tizai kutsamwa kuchauya, imi vanhu!

Usafunga kuti nokuti uri muPentekosti, usafunga nokuti amai vako vaiva muMethodist akacheneswa, kana kuti baba vako muBaptist usafunga kuti izvozvo zvine chokuita newe. Usafunge nokuti uri wekereke yavakavaka, kana kereke yauri kuvaka ikozvino; musafunga kuti imi maPentekosti makataura nendimi uye mukatamba mumweya, mukamhanya muchikwira nokudzika makore makumi mana apfuura; musafunga nokuti makaita misangano yokupodzwa kwevarwere nezvimwe zvakadaro… Musatadze kuona chiratidzo cheshongwe yomoto chakasimbiswa naMwari, uye neinzwi riri seri kwacho kutendeukira ku… kudzokera kuna Mwari. Musazvirega zvichikupfuurai. Pane chiratidzo uye inzwi.

52 52.Kana munhu achisimuka nechiratidzo, muitiro mumwe chete wekare, pane chisina kumira zvakanaka. Hazvibvi kuna Mwari. Oo, imi we-e! Ruramisai nzira yaKe zvino. Munozvitenda here? Zvino dzokai, oo, vakapofumadzwa, vakapararira, kune zviri zvenyu. Dai ndanga… Mumwe munyori wenziyo akati,

Ndudzi dziri kuputsika,

Israerin iri kubengenuka,

Zviratidzo zvakafanotaurwa neBhaibheri;

Mazuva avaHedheni ava kuda kukwana.

Akaputirwa nezvinotyisa;

Dzokerai, Oo imi makapararira, kune zviri zvenyu.

Dzokai! Dzokai! Akadaro muporofita, "Kuchava nechiedza panguva yemanheru." Zuva risati radokesa, kuchhava nechiedza. Famba muchiedza chiedza chacho chichiripo. Mushure mechinguva mubatanidzwa wamakereke uchakubatai, uye hakuna imwe nzira yokuzova nechir=edza ipapo. Ngatikotamisei misoro yedu.

53 53.Baba VeDenga, zviri mumaoko eNyu zvino. Ndakusha mbeu. Handizivi kuti kwadzawira. Ndinonamata kuti Mudziropafadze kwese kwadzinenge dziri. Dai dzikawana nzvimbo yadzo zasi chaimo, dzigodzura nzvimbo dzose dzine matombo, nemidzi yose yezvidhongi, sezvazvaiva, uye dzibvise kusatenda kwose munzira. Zviitei, Baba. Zvino tinoisa izvi kwaMuri, neMuZita RaJesu Kristu. Ameni.

54 54.Makakotamisa misoro yenyu, meso enyu akatsinzina…. Mangwana manheru kune mutambo-vatadzi veguta. Ishe vachitendera, ndichafanira kutaura kwavari. Ndichange ndichitaura kuungano yakavhengana. Handingashingi kuparidza izvozvo. Zvingangovaita kuti vapofumadzike kupfuura kare, pamusangano wakadaro. Asi imi, manheru ano, munotenda here kuti maona chiratidzo, uye munogona kunzwa inzwi here? Kana matenda uye muchizvitenda…Uye mzvitenda, uye muchitenda, asi musati mazvigamuchira, Kristu mukuzara kwaKe, ungasimudza ruoko rwako here? Musoro wose ngaukotame zvino, uye ziso rose ngarivharwe. Simudza ruoko rwako uti, "Ndirangarirei, Hama Branham, pamunenge muchinamata." Ndichafara kuzviita. Mwari Akukomborerei.

55 55.Baba Vedu VeDenga, Bhaibheri Rakati vose vakatenda vakabhabhatidzwa. Ndinonamata, Ishe, kuti vanhu ava vakasimudza maoko avo vanotenda mazviri, havasati vabhabhatidzwa murubhabhatidzo rweChiKristu, dai vakawana kereke inozviita, vabhabhatidzwe. Zviitei, Ishe. Dai vakasangobhabhatidzwa nemvura chete, chinova chiratidzo chekunze chekuti pane chakaitika mukati....

Bhaibheri Rakataura kuti kune kutenda kumwe chete, Ishe Mumwe, rubhabhatidzo rwumwe. Uye rubhabhatidzo irworwo rubhabhatidzo rwemweya, muviri uchisukwa. Unongova mufananidzo, kana kupa chiratidzo chokuti pane chimwe chinhu chiri mukati chakaitika. Asi mweya ndiwo unofanira kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Ndiwo woKusingaperi, achipinda muhunhu hwemunhu achihushandura, kuti ave mutendi. Ndinonamata kuti vagamuchire Mweya Mutsvene. Ndinovapira kwaMuri zvino, semikombe yeShoko nenyasha dzaKristu. MuZita RaKe ndinonyengetera. Ameni.

Zvino, takakotamisa misoro yedu mukuremekedza….

56 Ndangosarirwa nemaminitsi manomwe. Handina kukwanisa…kubuda nenguva handina kukwanisa kuva nemutsara wokunamatirwa munguva yakawanda kudaro. Ndokukumbirai kuti ugare pauri chaipo. Ndine hurombo nekukunonokerai. Tichanamatira munhu wese. Imi vanhu, vamwe venyu kunze uko vane makadhi okunamatirwa, musazvinetse. Tichasvika kwamuri. Asi tichangoona kana Mweya Mutsvene Uchatizarurira zvino...

Kana uchiMutenda, uye uchitenda kuti ichi ndicho chiratidzo .... Rangarira mutumwa. Aiva munhu. Akadya, Akanwa pamberi paAbrahama. Uye zvakadaro Aikwanisa…uye Sara ari mutende, Aikwanisa kunzvera pfungwa dzaive mumoyo make. Icho chaiva chiratidzo. Aiva Shoko. Zvino, kana Shoko Richingouya kwatiri, zvino Akavimbisawo kuita chinhu chimwe chete.

57 Zvino, imi kunze uko muungano musina makadhi ekunamatirwa, uye munoziva kuti munenge musiri mumutsara—handikwanise kuona kuti ndechipi chingaitwa kusiya kwekunge Ishe Andiratidza—uye munotenda. kuti zvirokwazvo Mwari Anoporesa vanorwara, ndinoda kuti mutende iko zvino kwemaminetsi mashoma. Uye ingonamata woti, "Ishe Jesu, ndinoziva kuti murume ari kutaura uyu munhu. Asi andiudza kuti—atiudza manheru ano uye akazviratidza kwatiri—kuti Mweya Mutsvene….

" ... kuti nyika haigoni kuuraya. Vaigona kuuraya Jesu. PaAive munyama vakaMuuraya. Asi zvino Akamutswa muchimiro chekubwinya. HaAngatongourayiwi zvakare. Uye Akati, 'Munguva duku, uye nyika haichazoNdionizve. Asi imi [vakatemerwa, avo vakatemerwa kuhupenyu husingaperi, kereke, mwenga] muchaNdiona. Nokuti Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo. Zvinhu zvaNdinoita imi muchazviitawo.' Vimbiso dzose idzi dzaAkapa.

58 "Zvino, ndinoziva paAkanga Ari panyika iYe…. Mwari Aive maAri. Aiva Mwari. Aive huzaro hwaMwari. Aive Shoko RaMwari Rose Richiratidzwa. Mubhaibheri Achiri Mwari, Shoko, uye kune zvimwe zvezvizaruro zvichiri kuzozarurwa. Uye Akati mumazuva okupedzisira apo nyika ichaita seSodhoma zvakare, Mwanakomana Wemunhu Achazarurwa, uye chiratidzo cheSodhoma chichadzoka. Ipapo inzwi richadana vanhu kuti vadzoke, avo vakatemerwa kuhupenyu. Tinoziva paAive pano, paive nemamiriyoni evanhu panyika vasina kumboziva kuti Aive pano. Vasina chikonzero chekuziva. Anouya kune avo vakatemerwa kuti vazvione."

Zvino, iwe namata. Zvino nyatsonyarara, usapfakanyike. Pese pauri, mabharukoni, pauriri hwepasi,

chero pauri, usafambe. Ingogara wakanyarara, unamate.

Iti, "Ishe Jesu, Bhaibheri Rakataura, muna VaHebheru 4, kuti Muri Muprista Mukuru iye zvino Anobatwa nemanzwiro ehutera hwedu. Uye tinoKuonai panyika. PaMakanga Muri panyika, mumwe mudzimai mudiki imwe nguva akabata nguwo yeNyu. Uye Makatendeuka Ndokuti, 'Ndiani aNdibata?'" Akazvivanza, asi zvakadaro kutenda kwake kwakaonekwa. Jesu Akamuudza izvozvo nezveropa rake, uye Akati kutenda kwake kwakanga kwamuponesa. Zvino, NdiYe Muprista Mukuru Mumwe chete 'Ye.

Kana Asingashanduki zuro, nhasi, nokusingapwri, Anofanirwa kuzvibata nenzira imwe 'yo kana ukaMubata.

59 Zvino zvinoiteiko? Panofanira kuva nenyama yemunhu panyika kuti Ataurise inzwi raKe. "NdiNi muzambiringa. Imwi muri matavi. Hapana nzira yekuzvinyenyeredza, shamwari. NdiRo Gwaro Rinozvitsigira. Imi vashumiri munozvitenda here, kumashure uko?

Zvino, kunze uko, ingoremekedzai uye munamate. Muti, "Ishe Jesu, regai ndibate nguo yeNyu." Uye munoona, wepedyo kwandiri ari chinhambwe chamafiti makumi maviri kana kudarika. Handina wandinoziva kunze uko. Handisi kana kuona munhu wandinonyatsoziva, manheru ano, agere ipapo kunze kwaPat Tyler agere pano kumberi, shamwari yangu. Hepano vanhu vari pamibhedha yavarwere, nhowo. Takaona chinhanho chewaiva munhowo chichigadziriswa nezuro manheru. Munhu uyu akasimuka achibva aenda. Madii kuita saizvozvo 'wo mose manheru ano, maona? Ingotenda. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Hupo hwaKe huchazviita. HeUnoi Ari pano. Unotofanira kumira naYe kuti Akusimudze mumazuva ekupedzisira.

60 Zvino imi munotenda, uye munofunga kuti muri kubvoorera pakunamata, chingotarisai kuno zvino. Sezvo Petro naJohane vakati, "Titarise," uye vakatarisisa, murume wacho akatarira, achitarisira kuona chimwe chinhu. Akati, "Sirivheri nendarama handina. Asi sezvandinazvo…."

Zvino, handina kuporedzwa. Asi icho chandinacho-chipo chinobva kuna Mwari-ndinokupa. Kana ukangozvitenda, Mwari Anozviita.

Ndinokukumbira chete kuti muzvitende. Chandinacho ndichakupa. Kana ukazvitenda, Mwari Anozviita. Ingozviedza.

61 61.Hoyu, hoyo zvino. Ameni. Ndinozvifarira.

Pane mudzimai agere pano. Akaita seune mhumhu mukuru, akagara ipo pano kumagumo. Mune kadhi rokunamatirwa here, amai? Anoita sewemhumhu mukuru…hamuna…pano pa, hauna kadhi rokunamatirwa? Hauna kadhi rokunamatirwa here? Unotenda zvakadaro here? Haudi kadhi rekunamatirwa kana uchitenda. Pane maungira ezwi. Ndicho chikonzero nei zvakaoma kudaidza vanhu seizvi. Asi edza kunditeerera zvakanyanya sezvaunokwanisa ikozvino.

Handikuzive. Hauna kadhi rekunamatirwa. Nokudaro unenge usiri papuratifomu. Kana Mwari Akandiratidza dambudziko rako, ungazvitenda here izvo…Zvingava zvimwe chete, sokuzarurira kwaAkaita kumudzimai dambudziko rake, mudzimai patsime—Sarah, zvaakataura, zvichingodaro. Unozvitenda here? Unotenda here kuti zvichanaka? Uri kunetseka nechirwere cheropa, chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka muropa rako. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Hauchina 'cho zvino. Chiedza Chapenyera pamusoro pako. Jesu Kristu Ari kukukudza.

Zvino, handina kumboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Zvino, chii ichocho? Unofanira kuva Mweya. Zvino, unogona kutaura sevaFarise, "Ndidhiyabhorosi." Zvakanaka, unowana mubairo wavo. Unoti, "NdiKristu," unowana mubairo WaKristu. Ndinotenda kuti iShoko RiRi kuziviswa mumazuva ano ekupedzisira—kwete ini.

62 62.Heunoi mumwe mudzimai agere zasi uko. Ari kunetseka nekuzvimba kwetsinga mumakumbo ake. Ane matambudziko. Ane dambudziko remoyo. Ari kunamatira mudikanwa. Inova hanzvadzi yake. Ari kuchema zvino. Achibata. Hanzvadzi yake inorwarisa kwazvo.... Inyaya yeshuga. Uye zvakare ane mumwe mumvuri. Mutadzi, uye uri kumunamatira. Ndizvo. Mai Welton ukatenda nemoyo wese Mwari Anomuitira. Unozvitenda here? Ndiro zita rako.

Zvino zvinopfuura here zvakataurwa naJesu kuna Simoni? "Unonzi Simoni. Ndiwe mwanakomana waJonasi." Ingova nokutenda. Usapokane nazvo. Zvitende nemoyo wako wose. Kana uchizvitenda, Mwari Anozviita kuti zviitike. Kana ukango....

63 63.Houno, mudzimai mudiki agere ipo pano, akanditarisa pano. Akaita seane bvudzi dzvuku, bvudzi rake rakasungirwa kugotsi. Hauoni here chiedza icho—cherudzi rweamber chinotenderera pamusoro pemudzimai uyo? Anoziva kuti zviri kuitika izvozvi, nekuti anozvinzwira. Chiri pedyo naye zvokuti haakwanisi kusazvinzwa. Kana zviri izvo, amai, simudzai ruoko rwenyu. Heunoi.

Zvino, ndiri mutorwa kwamuri zvachose. Hapana chandinoziva pamusoro pako. Asi wanga wakagara ipapo uchinamata. Kana zviri izvo, vheyesa ruoko rwako sezvizvi. Zvino, kana Jesu Kristu Ari

Mwanakomana WaMwari (zvaAri iYe), Muprista Mukuru Agere kuruoko rworudyi rwaMwari, uye ndakangomira pano nechipo…kubva… kubva pakufunga kwemunhu, ndisingazvifungire ndoga (nzira yekuzorodza pfungwa dzangu nekufunga), nekungoregа Mwari Achipindamo, unotenda here kuti NdiYe? ... Mwari Anoziva kuti handikuzive, nemiwo munoziva zvimwe chetezvo.

Naizvozvo, kana Mwari Akandiratidza dambudziko rako, kana chimwe chinhu chawakamirira, kana chauri kuda, kana chimwewo chinhu, unotenda kuti Mwari Acha… anozviita here? Une dambudziko nemusana wako. Chimwe chezvinhu zvauri kunamatira. Uye une dambudziko nemeso ako. Unotenda here kuti Mwari Achaapodza, nekuaporesa? Unotenda here? Unotenda? Unotenda here kuti Mwari Anogona kundiudza kuti ndiwe ani? Mai Hallman. Unotenda nemoyo wako wese zvino, unokwanisa kuwana chaunokumbira. Unozvitenda here?

64 64.Hoyu mudzimai wechikuru akagara chinhambwe shure kwake; apo. Ari kunamatawo. Ane chirwere cheshuga. Ndinovimba haazvipotse izvi. Zviri pamusoro pake. Anenge ati kurei. Mirai zvishoma. Dai Ishe Andibatsira zvino. Mudzimai uyu.... Hezvo, azvibata. Zvakanaka. Ndaona paakanga achibata. Haasi wepano; anobva kuLouisiana. Guta rake inzvimbo inonzi Singer, Louisiana. Uye ari kurwara nechirwere cheshuga. Zita rake ndiMai Doyle. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Ndiri mutorwa zvachose kwaari; handina kumbomuona muhupenyu hwangu. Asi Jesu Kristu, Mwanakomana WaMwari, Anoziva zvose pamusoro pako.

Pane mudzimai akagara kumashure uko anobva kuguta rimwe chete 'ro, nzvimbo inonzi Singer. Ari kurwara neBP, uye anonzi Clark. Unotenda here, Mai Clark? Zvakanaka. Unogona kuwana zvaunokumbira.

Unotenda here?

65 65.Hocho chiratidzo; teererai inzwi. Tendeuka. Dzoka kuna Mwari nekukurumidza sezvaunokwanisa. Jesu Kristu Ari pano musimba rokumuka kwaKe. Chizvarwa chakaipa uye choupombwe chinogamuchira chiratidzo chaJesu Kristu, Achigara pakati pevanhu. HaAna kukwanisa kuita izvozvo neni chete. Unofanira kuva iwewo, maona. Mudzimai wacho aitofanira kubata nguo yaKe. Waitofanira kubata nguo yaKe. Tingori midziyo.

Unotenda nemoyo wako wose here? Zvino, kana uchitenda…Vangani vanozvitenda? Simudza maoko ako sezvizvi, uti, “Ndinozvitenda zvechokwadi.”

Zvino, kana uchizvitenda, Jesu Akataura izvi: “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Kana vakaisa maoko pane vanorwara vachapora.” Unozvitenda here izvozvo? Zvino, kwadoka. Hatina nguva…Tasarwa nemaminitsi makumi maviri nemashanu, zvino, kuti nguva yegumi ichaye. Mungangoturika maoko enyu pamusoro pomumwe, zvino, moita sezvandakuudzai, zvino. Ingoisa maoko pamusoro peumwe neumwe.

66 66.Zvino munoziva—pamusoro apo, pauri—ikozvino, unoziva zvose zvino, mushure mokunge MaGwaro Aparidzwa nokunyatsoratidzwa, nzira yose muchivako…. Ndiri kuona mumwe zvino, maona, mumwe imo muno—ane dambudziko reprostate, mudzimai ane TB, maona. Zvangova kwese kwese zvino. Asi zvinokupedza simba. Chii chimwe chasra? Iwe unoona makumi mashanu-dzimwe nguva pane izvo-iwe unoda kuona makumi manomwe panguva inotevera.

Jesu Akambozviita izvozvo pane imwe nguva paSikari, uye guta rose rakatenda kwaAri. Vakanga vakatarisira Mesiya. Mesiya Ari pano: Mweya Mutsvene, Mesiya Wezuva rino, Mesiya Ari kuita kuti Shoko Risimbiswe, revimbiso yaKe.

67 67.Zvino, ndinoda kuti mumwe nomumwe wenyu aise maoko ake pamusoro pomumwe nomumwe wenyu kana muri vatendi…. Zvino, usazvinamatire iwe pachako. Iwe namatira munhu iyeye, uye vachange vachikunamatira.

Zvino, Shoko Rimwe chete Rakavimbisa izvi mumazuva okupedzisira, rakavimbiswawo… Uye rangarirai, Jesu Akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.” Kuporeswa kuri kudzoka inzwi rekuti chiratidzo chazivikanwa. Vakaisa maoko pamusoro pavanorwara, sechiratidzo. Inzwi nderekuti “Hareruya, Ishe Andiporesa.” Zvino, kana zviratidzo izvi zvichiperekedzana neinzwi, chiratidzo icho…Kana uri mutendi chinokuperekedza, inzwi rinoperekedzana nechiratidzo. Kana ndikakupai chiratidzo ichi chandakuudzai kuti chinobva kuna Mwari, uye Mwari Akachivimbisa muzuva rino, chakanyatsoiswa pachena hapana chimwe kunze kweasingatendi anogona kutadza kuchitenda. Maona? Zvino Mwari Atendeuka Ndokuzvisimbisa, kuti zvidaro.

Zvino iYe Ari pano.

68 68.Zvino mumwe nomumwe, namanamatiro aunoita pakereke yako—kana zviri kwauri, nenzwi guru, chero zvazvingava-namatira munhu wawakaisa maoko ako paari, nokuti ari kukunamatira.

Zvino, tarisa kumusoro. Uye pamberi paMesiya, Kristu, uYo Akamutswa Achiri mupenyu pashure pezviuru zviviri zvemakore, tingava sei nechiveve kudaro mumweya? Zvaifanira kubvirisa rudzi urwu!

Ndizvo zvaifanira kuita kuti Beaumont itendeuke yakapfeka magumbu uye nemadota! Asi ichazviita here? Kwete. Asi imi muri kuMutarisira, uye muchitenda kuti Aizozviita uye nokuchengeta Shoko RaKe, zvava kwamuri zvino vimbiso yapiwa. Isa maoko ako pane mumwe munhu unamate, ini ndichikunamatira ndiri kuno.

69 69.Ishe Jesu, zvataurika zvakaringana, zvaitwa zvakaringana. Shoko Rakavimbiswa Raratidzwa. Mesiya, Kristu WaMwari, muHupo hwaKe hwohumwari. TinoMunzwa. TinoMuona. Tinoziva kuti Akavimbisa izvi mumazuva okupedzisira. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichaita kana Mwanakomana Wemunhu Ozarurwa.” Ipapo tinoziva kuti tinoona moto mumatenga, mabhomba eatomu. Tinoona ndudzi dzakadyiwa nehonye. Ndudzi dziri kuputsika. Tinoona kuti vaIsraeri vari munyika yechiberekerwo. Chiratidzo chose chaigona kuvimbiswa chakazadzika. Chinhu chinotevera kuuya kweMwanakomana Wakavimbiswa.

O Mwari WoKusingaperi, muHupo hwaJesu Kristu, Mweya Mutsvene Mukuru Ari pano zvino, Achisimbisa kuti Ari pano, inzwai munamato wavanhu ava. Inzwai MaKristu aya, kuitira kuti kana ndaenda havazoti Hama Branham vakaita izvi. Mumwe munhu wavaisaziva akaisa maoko pamusoro pavo uye vakaporeswa. Asi Makavimbisa kuti inzwi rine chiratidzo kwariri. Uye dai vapodzwa, pandinovaisa kwaMuri MuZita RaJesu.

Mharidzo Na
William Marrion Branham
"… mumazuva eShoko …" Zvak. 10:7

www.messagehub.info